

BAB II
RAGAM BASA SUNDA PANGANTEUR PANGAJARAN
DI SD NEGERI PADASUKA II DESA SUKAMULYA
KAC. KUTAWARINGIN KAB. BANDUNG

2.1 Basa, Sélér Bangsa, jeung Kabudayaan

Dumasar kana hakékatna basa téh mangrupa hiji sistem, nya éta beungkeutan unsur-unsurna anu silih deudeul jeung silih lengkepan dumasar kana aturan nu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan (Sudaryat, 2004: 7).

Sistem nu dimaksud di luhur kayaning sistem sora basa, sistem gramatikal (tata wangun kecap jeung tata kalimah), tata ma'na jeung kosakecap. Sakabéh sistem ieu téh aya dina pikiran panyatur. Unggal panyatur bisa disebutkeun parigel dina ngagunakeun basa lamun manéhna ngabogaan kompeténsi atawa langue tina basa nu dicangkemna.

Kaparigelan basa anu ngawengku nyarita, ngaregepkeun, nulis, jeung maca téh umumna jarang kacangking ku panyatur kalayan sarua alusna. Aya panyatur anu parigel nyarita, tapi kurang parigel dina nulis jeung kitu deui sabalikna.

Dina makéna kecap panyatur ngagunakeun basa saluyu jeung sistim-sistim basa di luhur, anu tangtuna waé bisa ngagunakeun basa kalayan bener. Dina hal ieu, Rusyana (1984: 104) ngajelaskeun yén dina ngagunakeun basa anu bener ngabogaan harti lain ukur bisa nyangkem struktur basa kalayan bener, tapi ogé bisa ngagunakeunana kalayan saluyu jeung puseur pasoalan, saha nu nyarita, jeung suasana caritaan. Ku kituna, panyatur kudu leuwih tatali dina ngagunakeun basana supaya naon nu hayang ditepikeunana bisa ditarima ku lawan tuturna

atawa paregep. Jadi, unggal panyatur kudu ngagunakeun éta basa téh saluyu jeung situasi sarta fungsina.

Sudaryat (1991) ngajéntrékeun yén fungsi basa minangka alat komunikasi téh timbul dumasar kana payatur, paregep, kontéks, kontak, kode, jeung amanat. Ku kituna fungsi basa téh bisa diwincik sakumaha anu ditulis ieu di handap.

- 1) Fungsi émotif (éksprésif; personal), nya éta fungsi basa anu raket patalina jeung panyatur, gunana pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, tur kahayang panyaturna.
- 2) Fungsi konatif (diréktif, régulasi, rétorik, apélatif), nya éta fungsi basa anu raket patalina jeung paregep (pamacara), gunana pikeun nimbulkeun pamapag (réponsi) ka paregep, tujuana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyaram, nanya, mapatahan, jste.
- 3) Fungsi kognitif (référential, réfréntatif, instruméntal, informansional), nya éta fungsi basa anu raket patalina jeung kontéks atawa objék anu dicaritakeun, gunana pikeun ngagambarkeun dunya luar basa kyaning ngulik, ngadadarkeun, jeung medar élmu pangaweruh.
- 4) Fungsi fatis (interpersonal, interaksional, pragmatis), nya éta fungsi basa anu raket patalina jeung kontak interaksi, gunana pikeun nepungkeun panyatur jeung pregep geusan ngajaga silaturahmi, silih ajénan, tur silih hormat.
- 5) Fungsi imajinatif (éstétis, puitis), nya éta fungsi anu raket patalina jeung amanat atawa pesen omongan minangka makéna basa jadi lambang kaéndahan. Fungsi imajinatif museur kana amanat lambang basa anu

nimbulkeun rasa éndah, tujuanana ngarah meunang kasugemaan batin, biasana mangrupa kristalisasi pangalaman jiwa pamaké basa tur diréalisasikeun winangun karya sastra.

- 6) Fungsi métabasa (métalinguistik), nya éta fungsi basa anu raket patalina jeung lambang (kode, tanda) basa. Gunana pikeun maluruh tur medar basana sorangan. Contona, Basa Sunda mibanda fungsi pikeun ngulik jeung medar Basa Sunda.

Dumasar kana naon-naon nu ditulis di luhur, bisa dicindekkeun yén unggal omongan anu digunakeun ku panyatur téh tangtu miboga tujuan jeung maksud nu tangtu.

Jalma anu parigel ngagunakeun basa, pasti naon anu dimaksud haténa bakal ngahontal sasaranana, naon waé éta warnana téh dianggap geus ngagunakeun basa kalayan éfektif. Basana éta téh geus ngahasilkeun sabab saluyu jeung kajadian kaayaan anu disanghareupanana, jalma anu nyanghareupan sajumlah lingkungan hirup kudu milih salah sahiji ragam anu cocok jeung éta situasi pamangpaatan ragam saluyu jeung sarasi nurutkeun golongan panyatur jeung jenis pamakéna éta basa téh anu disebut basa anu paling alus.

Sélér bangsa atawa étnik nyoko kana kelompok nu kaanggotaanana dumasar asal usul rundayan. Kelompok nu kitu ditandaan jeung ciri-ciri fisik anu relatif tetep saperti warna kulit, rambut, irung, jsté. Basa sering digunakeun salaku ciri étnik. Basa Daerah nya éta alat idéntitas suku (Sumarsono, 2004: 67). Ayana rupa-rupa étnik di hiji nagara ngabalukarkeun masalah kabasaan, utamana dina hal pangajaran.

Numutkeun Koentjaraningrat basa bagian tina kabudayaan. Jadi, hubungan basa jeung kabudayaan mangrupa hubungan subordinatif, dimana basa aya di handapeun lingkungan kabudayaan. Tapi, ieu lain hiji-hijina konsép nu dicaritakeun sabab aya pamadegan séjén yén basa jeung kabudayaan miboga hubungan nu koordinatif atawa miboga hubungan anu sadarajat. Nu kalungguhanana sarua luhurna.

2.2 Ragam Basa

Ragam basa nya éta variasi basa numutkeun pamakéna nu béda-béda numutkeun topik nu dicaritakeun, hubungan caritaan, lawan panyatur, jeung jalma nu dicaritakeun sarta numutkeun médium caritaanana (Kridalaksana, 2001: 184). Saluyu jeung pamadegan Sudaryat (2004) yén ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna: biasa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Ragam basa nurutkeun warna makéna basa bisa disawang tina jihat jejer omongan, medium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang aré nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya ragam basa lisan nu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya ragam basa tulis nu dipaké dina surat, koran, majalah jeung buku (Sudaryat, 2004).

Luyu jeung pamadegan Moeliono (1998: 7) nu néte lakeun yén ragam basa numutkeun saranana aya ragam basa lisan jeung ragam basa tinulis. Ragam basa lisan mangrupa ragam basa nu dituturkeun ku medium lisan, ditandaan ku pangulangan-pangulangan, wanda jeda dina Yayat Sudaryat (Kridalaksana, 1993: 184). Ragam tinulis mangrupa basa sekundér sabada basa lisan nu mangrupa basa primér (Chaer, 2003: 82).

Disawang tina jihat pasosokna, ragam basa téh aya ragam basa nyunda jeung ragam basa teu nyunda. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lisan dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonesia anu beuki loba tur popiliér sarta tina basa Sunda tacan aya sawandana (Sudaryat, 2004).

Ari ragam basa nu kapangaruhan ku latar, nya éta naha di imah, di pakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé misalna di sakola.

Dina hal ieu Fishman (1972: 149) dina Chaer (2004) ngabédakeun variasi éta basa dumasar kana panyaturna (*user*), anu disebut ku istilah dialék, jeung variasi basa dumasar kana anu digunakeunana (*use*) disebutna ku istilah register.

Leuwih jauh deui Pateda ngawincik ragam basa (register) dina lima bagian nya éta register beku, register formal, usaha, informal, jeung register intim (Chaer jeung Leoni, 1995: 81).

- 1) Register beku, biasana digunakeun ku panyatur nu profésional, jalma anu parigel biantara, nepi ka jalma katarik ati ka nu dicaritakeunana.

- 2) Régister resmi atawa formal, biasana ditujukeun ka para pangregep pikeun ngamekarkeun caritaan nu dihaja.
- 3) Régister usaha, kakandung dina transaksi perdagangan, nu lumangsung paguneman ku sabab jalma ngabutuhkeun kasapukan antara kadua beulah pihak.
- 4) Régister rinéh atawa teu formal, biasana digunakeun pikeun ngaleungitkeun halangan harungan di antara dua jalma nu keur komunikasi.
- 5) Régister loma, biasana digunakeun dina suasana kakaluargaan atawa suasana nu akrab.

Patali jeung ieu panalungtikan, anu dimaksud ragam atawa variasi dina ngagunakeun basa nya éta régister (nu aya patalina jeung dunya atikan). Sangkan leuwih jéntré tur maham kana bagbagan ragam basa, di handap dipedar hiji-hiji.

2.2.1 Ragam Basa dumasar Sawangan Panyatur

Dumasar kana sawangan panyatur ragam basa dipangaruhun ku ayana pangaruh daerah, pangaruh atikan jeung pangaruh sikep panyatur.

Disawang tina pangaruh atikan, ragam basa bisa dibagi jadi tilu rupa nya éta (1) basa Sunda sapopoé, (2) basa Sunda paélmuan, jeung (3) basa Sunda kasastraan.

Kahiji, basa Sunda sapopoé nya éta basa Sunda anu dipakéna dina kahirupan sapopoé, dikedalkeun sacara lisan, suasana bisa resmi bisa teu resmi,

boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakatna. Basa Sunda sapopoé anu husus dipaké ku hiji jalma disebutna (idéolék, parole), anu dipakéna ku lingkungan masarakat nu tangtu disebut dialék sosial (sosiolék), anu dipakéna di lingkungan wewengkon nu tangtu disebutna dialék wewengkon (dialék géografis), anu dipakéna nurutkeun bédana waktu bihari jeung kiwari disebutna dialék témporal (kronolék), jst.

Kadua basa Sunda paélmuan nya éta basa Sunda anu dipakéna dina widang paélmuan saperti ngulik jeung medar hiji pasualan.

Katilu basa kasastraan nya éta ragam basa anu husus dipaké dina widang kasastraan, dipaké keur ngébréhkeun hal-ha anu sipatna éndah (éstétis), tujuanana pikeun meunangkeun kasugemaan batin.

Disawang tina pangaruh sikep panyaturna, nu ngagunakeun basa Sunda dibagi dua nya éta (1) nurutkeun umur, jeung (2) nurutkeun séks.

Kahiji, basa Sunda nurutkeun umur panyaturna ngawengku tilu rupa kayaning (1) basa budak nya éta basa anu husus diparaké ku barudak, contona: éé, mamam, eueut, bobo, papa, jst, (2) basa rumaja nya éta basa anu husus diparaké ku barudak rumaja, biasana boga anda husu anu disebut basa prokém, contona: mejeng, benci (benr-bener cinta), peranis (peranakan ciamic), jst, (3) basa kolot nya éta basa anu husus diparaké ku kolot, biasana raket patalina jeung piwuruk, malah ékonomi rumah tangga, kamajuan generasi ngora, jst.

Kadua, basa Sunda nurutkeun séks (jenis kelamin) ngawengku tilu rupa kayaning (1) basa awéwé nya éta basa anu husus sok diparaké ku awéwé, biasana tumali jeung kageulisan, lingkungan dapur, jst, (2) basa lalaki nya éta basa anu

husus anu sok diparaké ku lalaki, biasana tumali jeung kabedasan, nyumponan pangabutuh kulawarga, masalah gawé beurat, jst, (3) basa binci nya éta basa anu husus sok diparaké ku binci, biasana dicirian ku lentong nu husus.

Disawang tina pangaruh daerah aya nu disebut basa Sunda lulugu. Basa lulugu (baku, standar) nya éta ragam basa atawa dialék anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar makéna ku masarakat basa. Basa lulugu mangrupa basa gunggungan (persatuan) di masarakat basa nu mibanda rupa-rupa dialék sarta ditarima dina situasi resmi kayaning buku ilmiah, biantara, upacara adat, serat-sinerat, jst.

Basa Sunda lulugu nya éta basa Sunda anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar makéna ku masarakat Sunda. Anu dianggap basa Sunda lulugu téh nya éta basa Sunda wewengkon priangan (utamana Bandung). Ari alesanana, sacara objéktif diangken yén basa Sunda wewengkon Bandung gedé kamungkinan bisa tumuwuh jeung mekar jadi basa sakola jeung basa lulugu; sacara subjéktif diangken yén kota Bandung jadi puseur kagiatan pulitik, pamaréntahan, jeung pamiara tur pamekar budaya katut basa Sunda.

Unggal basa bisa dianggap basa lulugu asal nyumponan pasaratan: otonomi, vitalitas, intéléktualitas, historistis.

a. Otonomi

Basa lulugu kalawan mandiri (otonomi) boga wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar di wewengkon masarakat pamakéna. Bédana basa lulugu jeung basa dialék téh lain ngan ukur hiji vérsi baé, tapi jadi calécér ragam basa liana. Ku

kituna, basa lulugu kudu aya puseur kagiatan pulitik jeung pamaréntahan anu gedé ketakna pikeun tumuwuh jeung mekar kalawan jembar.

b. Vitalitas

Basa lulugu dipaké ku masarakatna di lingkungan masarakatna nu miboga anékaragam basa. Basa lulugu kudu mampuh tumuwuh kalawan anteb luyu jeung kaédah basana nu rélatip angger, tapi vitalitas, henteu kaku, barobah kalawan bébas pikeun narima pangaruh basa lian dina widang kandaga kecap, istilah, fonologi, tata basa, semantik. Jadi, basa lulugu mibana stabilitas dinamis, mibanda kaédah nu anteb tur luwes minangka hsil kodifikasi basa.

Kodifikasi basa téh aya dua rupa (1) bagbagan makéna basa, disusun dumasar kana kontéks situasi makéna, (2) kaédah adegan basa saperti fonologi, tata basa, semantik, tata istilah, éjahan, jste.

c. Intéléktualitas

Basa lulugu kudu mibanda kamampuh ilmiah (kacendikian, inteléktualitas) anu ngébréhkeun prosés mikir nu ruwed tina rupaning kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Ciri inteléktualitas téh bisa maké basa kalawan mangkus (éfektif), nepikeun amanat saloba-lobana ku wangun anu ringkes (éfisién, sangkil), tapi keuna kana sasaran. Éta kabéh baris kahontal asal aturan kukuh kana kaédah nu geus ditangtukeun.

d. Historistis

Basa lulugu kudu boga lalampahan hirup katut kasang tukang sajarah (historis) nu tangtu, sinambung timangsa ka mangsa. Basa lulugu kudu mampuh mekarkeun tradisi masarakat katut budaya pamakéna.

Fungsi basa lulugu aya opat nya éta (1) fungsi tatali mimitan, (2) fungsi ciri kamandirian, (3) fungsi pananda komara (wibawa), jeung (4) fungsi raraga acuan (ngajén bener tur merenah henteuna ragam basa nu dipaké).

2.2.2 Ragam Basa dumasar kana Tatakrama Basa Sunda

Istilah tatakrama basa umumna sok disebut undak usuk basa. Tatakrama basa mangrupa aturan sopan santun maké basa anu disaluyuan ku warga masarakatna, gunana pikeun silihormat jeung silihajénan. Lamun urang nyarita teu maké tatakrama basa hartina henteu sopan. Tatakrama basa Sunda nya éta hiji sistem ngagunakeun variasi basa Sunda anu aya patalina jeung kakawasaan (power), kalungguhan (status sosial), kaakraban (solidarity), sarta patalina antara peran panyatur jeung paregep katut nu dicaritakeun.

Wangun tatakrama basa nya éta sistem dipakéna ragam basa (lemes-wajar-kasar) anu raket patalina jeung kalungguhan, kakawasaan, katut dalit henteuna antara panyatur, paregep, jeung nu dicaritakeun.

a. Basa Lemes (Hormat)

Basa lemes nya éta ragam basa anu umumna dipaké nyarita ka saluhureun atawa ka nu can wawuh. Éksprési ragam lemes (hormat) bisa katitén wujudna dina wangun lisan, pasemon, rengkuh jeung peta, jeung lentong.

Nilik ka nu makéna, basa lemes dibagi dua rupa:

- (1) Basa lemes keur ka sorangan nya éta ragam basa anu digunakeun husus keur diri sorangan atawa sasama waktu nyarita ka saluhureun atawa can wawuh.
- Contona: Pun adi téh udur tos tilu dinten teu ka sakola.
- (2) Basa lemes keur ka batur nya éta ragam basa anu digunakeun husus keur diri batur saluhureun atawa can wawuh.
- (3) Contona: Sayogikeun baé atuh kanggo tuang leueutna mah.

b. Basa Wajar (Loma)

Basa wajar nya éta ragam basa anu umumna dipaké dina situasi biasa atawa digunakeun ka babaturan nu geus loma. Koran, majalah, biantara umum, sawala, biasana sok maké basa loma campur basa lemes.

Contona: Saré mah bisa di babaturan atawa di lanceuk kuring.

c. Basa Kasar (Cohag)

Basa kasar nya éta ragam basa anu dipaké dina situasi keur ambek, atawa dilarapkeun ka sato.

Contona: Ari sia, budak keur molor di dupak!

Gelarna kecap Lemes basa Sunda ngaliwataan dua prosés nya éta (1) suplisi, jeung (2) parobahan jero.

Kahiji, Suplisi nya éta prosés robahna kecap ku cara ngaganti wangun dasar sageblengna nepi ka hasilna mangrupa wangun anyar anu béda tina wangun dasarna. Prosés suplisi téh dina basa kosta mah tumerap kana parobahan

wangun basa ku ayana gejala waktu. Ari dina basa Sunda mah sigana ku ayana parobahan kasar jadi lemes. Contona:

- baju jadi raksukan
- huntu jadi waos
- méré jadi masihan

Parobahan jero nya éta prosés ngawangan kecap ku cara ngaganti sabagian foném atawa engang dina jero éta kecap sorangan.

Parobahan jero dina basa Sunda muncul ku cara:

(a) Ngarobah salahsahiji atawa leuwih fonéma:

(1) /u/ jadi /i/	: --- kuat	→ kiat
	--- murah	→ mirah
(2) /u/ jadi /a/	: --- sebut	→ sebat
	--- rempug	→ rempag
(3) /a/ jadi /i/	: --- rupa	→ rupi
	--- upama	→ upami
(4) /i-u/ jadi /e-a/	: --- itung	→ étang

(b) Ngarobah engang panungtung:

(1) ... jadi -os	: --- nyarita	→ nyarios
	--- warta	→ wartos
(2) ... jadi -jeng	: --- payung	→ pajeng
	--- paju	→ pajeng
(3) ... jadi ntén	: --- kira	→ kinten
	--- hampura	→ hapunten

(4) ... jadi -ntun	: --- kirim	→ kintun
	--- bawa	→ bantun
(5) ... jadi -wis	: --- nanda	→ nawis
	--- perkara	→ perkawis

2.2.3 Ragam Basa dumasar Warna Makéna

Dumasar kana warna makéna, ragam basa dibédakeun jadi opat rupa, nya éta (1) basa Sunda nurutkeun jejer omongan, (2) basa Sunda nurutkeun sarana, (3) basa Sunda nurutkeun interférensi, jeung (4) basa Sunda nurutkeun suasana.

Kahiji nurutkeun jejer omongan basa Sunda téh dipangaruhan pisan jembarna patali marga, atikan, profési, kalangenan tur pangalaman panyaturna. Widang-widang sarupa kitu téh kayaning: agama, pulitik, élmu pangaweruh, tehnologi, pacabakan, seni, jst.

Balukar jejer pasualan dina basa sok muncul rupa-rupa istilah kayaning istilah: 1) basa jeung sastra, 2) psikologi, 3) PKK, 4) kasenian, 5) agama, 6) administrasi, 7) ékonomi, 8) atikan, 9) sosiologi, 10) sajarah, hukum jeung pulitik, 11) kadokteran, 12) tatanén, kahutanan, perikanan, 13) kehéwanan, 14) kimia jeung farmasi, 15) géografi, 16) élmu pasti jeung alam, 17) téknik, jeung 18) pelayaran.

Kadua nurutkeun sarana anu dipaké ku panyaturna, basa Sunda aya dua rupa nya éta ragam basa lisan jeung ragam basa tulis.

Ragam basa lisan nya éta ragam basa Sunda anu maké pakakas lisan, biasana kawilang gumantungna kana situasi, waktu, lingkungan, katut jalma nu

diajak nyarita. Basa lisan bisa lumangsung pateuteup, ngaliwatan radio, televisi, telepon, jst.

Ari ragam basa tulisan nya éta ragam basa Sunda anu maké pakakas tulisan, biasana leuwih nyusun batan basa lisan. Aturan tata tulis leuwih dikukuhan. Basa tulisan biasa dipaké dina surat, telegram, artikel, makalah, buku, jst.

Katilu nurutkeun interférésina nya éta makéna basa anu pacampur tur silihpagaruhan jeung basa lianna ku hiji jalma dina widang adegan basa, gaya basa, jeung kontéks makéna.

Kaopat nurutkeun suasana dibédakeun ragam basa resmi jeung ragam basa teu resmi. Ragam basa resmi nya éta basa anu digunakeun dina kaayaan formal, saperti dina urusan susuratan, dina kaayaan ngajar, rapat, dina kaayaan nyarita jeung jalma nu teu wawuh atawa kalungguhanana aya dina saluhureunnana. Ari ragam basa teu resmi nya éta basa anu digunakeun dina kaayaan teu formal, saperti dina nyarita sapopoé boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakatna.

2.3 Kadwibasaan

Istilah kadwibasaan satata jeung istilah bilingualisme, sarta istilah dwibasawan satata jeung istilah bilingual. Bilingual miboga harti mampuh atawa bisa ngagunakeun dua basa; patali jeung dua basa (bisa ngeunaan jalma, masarakat, naskah, kamus, jst). Lamun sacara sosiolinguistik, sacara umum,

bilingualisme téh miboga harti digunakeunana dua basa atawa leuwih ku hiji jalma atawa masarakat.

Istilah kadwibasaan atawa bilingualisme ti waktu ka waktu ngalaman parobahan jeung kamekaran sabab dina méré hartian éta istilah téh sipatna relatif. Hal éta dikasang tukangan ku ayana wates hiji jalma pikeun disebut dwibasawan anu sipatna arbitré sarta henteu bisa ditangtukeun sacara pasti.

Mimitina ku sababaraha ahli kadwibasaan téh diartikeun minangka ka mampuh pikeun ngagunakeun dua basa ku panyatur. Tapi pamadegan kana hartian éta téh teu bisa ditarima minangka hiji-hijina harti tina istilah kadwibasaan, hal éta ku sabab héséna pikeun ngukur jeung nangtukeun nepi kamana kamampuh panyatur dina ngagunakeun dua basa kalayan sampurna saperti panyatur aslina. Jadi, pamadegan kana istilah kadwibasaan di luhur téh mangrupa salah sahiji tina harti kadwibasaan.

Kadwibasaan atawa bilingualisme téh bisa lumangsung di mana waé. Dina hal ieu, Rusyana (1984) nétélakeun yén kadwibasaan atawa bilingualisme téh mangrupa hal anu ilahar aya dimana-mana, boh di nagara-nagara anu sacara resmi monolingual boh di nagara-nagara anu bilingual.

Kaayaan saperti anu disebutkeun di luhur ogé nyampak di SD Negeri Padasuka II Desa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung dina waktu lumangsungna pangajaran sabab guru umumna mampuh jeung bisa ngagunakeun basa Indonésia minangka basa nasional disagédéngéun Basa Sunda anu digunakeun ku guru dina waktu nepikeun matéri pangajaran di jero kelas atawa dina kagiatan-kagiatan séjénna, sarta dina lingkungan séjénna dina kahirupan

sapopoéna. Ku kituna, guru SD Negeri Padasuka II Desa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung téh ngagunakeun ragam basa anu bédha saluyu jeung situasi sarta fungsina.

2.4 Kontak Basa

Umumna warga masarakat di dunya téh ngagunakeun dua basa atawa variasi dina kahirupan sapopoé. Lamun dina basa atawa dialék atawa variasi éta digunakeun ku jalma kalayan pilih genti dina kahirupan sapopoéna bisa nyababkeun basa, dialék, variasi éta silih adu atawa silih pangaruh. Hal samodél kitu téh disebutna kontak basa. Weinreich (1968: 1) nétélakeun yén dua basa atawa leuwih aya dina kajadian kontak basa lamun basa-basa éta téh digunakeun sacara pilih genti ku jalma anu sarua. Kontak basa éta téh lumangsung dina diri jalma anu ngagunakeun basa-basa éta.

Dina hal ieu Mackey méré wangenan ngeunaan istilah kontak basa nya éta yén kontak basa téh lumangsung minangka pangaruh teu langsung, ku kituna nimbulkeun parobahan dina langue anu dipibanda ku ekabasawan.

Dumasar kana dua pamadegan ngeunaan kontak basa di luhur, bisa dicindekkeun yén kontak basa téh ngan bisa lumangsung dina diri panyatur anu dwibasawan (bilingual) anu salawasna ngagunakeun dua basa sacara pilih genti dina kahirupan sapopoéna. Tapi dwibsawan bédha jeung kontak basa. Balukar tina ayana kontak basa téh numuwuhkeun parobahan langue dina diri panyatur anu sarua, sedengkeun kadwibasaan numuwukeun parobahan parole panyatur. Tapi,

ku sabab langue téh hakékatna mah mangrupa sumber tina parole. Ku kituna, kontak basa jeung kadwibasaan téh ngabogaan hubungan anu kuat.

Pikeun leuwih jelas ngeunaan kadwibasaan jeung kontak basa Rusyana ngabédakeun éta dua hal. Kadwibasaan ngabogaan harti digunakeunana dua basa atawa leuwih ku hiji jalma, sedengkeun kontak basa mah nya éta pangaruh hiji basa kana basa séjénna, boh sacara langsung boh sacara teu langsung anu numuwuhkeun parobahan dina sistem basa anu jadi milik tetep omongan ékabasa sarta ngabogaan kamekaran sajarah éta basa.

Sakumaha anu ditulis di luhur yén kadwibasaan téh bisa dihartikeun mangrupa digunakeunana dua basa atawa digunakeunana dua ragam atawa digunakeunana dua dialék ku cara pilih genti ku panyatur anu sarua, hal éta ogé lumaku kana naon anu disebut kontak basa. Ku kituna, jelas yén harti kontak basa téh ngawengku sakabéh kajadian paaduna sababaraha basa atawa dialék atawa variasi ku panyaturna dina kontéks sosialna.

2.5 Interférensi

Sakumaha anu ditulis di luhur, yén dua basa atawa leuwih anu digunakeun di masarakat geus tangtu bakal silih mangaruhan antara basa anu hiji jeung basa anu séjénna. Balukar tina silih pangaruhan éta téh aya kamungkinan nimbulkeun kasalahan-kasalahan dina ngagunakeun basa. Éta kasalahan-kasalahan téh bakal katingali jelas dina gejala tutur atawa parole atawa performance hiji jalma kana basa anu séjénna. Unsur-usur éta téh bisa mangrupa unsur léksikal, fonologi,

morfologi, jeung sintaksis. Kaayaan saperti kitu téh dipikawanoh ku istilah interférensi.

Dumasar ka nu jadi sumber ayana éta interférensi, Rusyana (1948: 33) ngajéntrékeun yén interférensi téh boh dina ngagunakeun unsur anu kaasup kana hiji basa dina waktu nyarita atawa nulis dina basa séjén, boh dina nerapkeun dua sistem sacara babarengan kana hiji unsur basa, éta hal téh ngabalukarkeun méngparna hiji basa tina aturanana masing-masing anu lumangsung dina caritaan dwibasawan.

Interférensi bisa muncul dina sakabéh komponén kabasaan, di antarana dina widang tata basa, wawng, kalimah, jeung ma'na.

- 1) Interférensi dina widang fonologi, muncul lamun dwibasawan ngaidéntifikasikeun foném kana sistem basa ka dua jeung foném dina sistem basa ka hiji.
- 2) Interférensi dina widang gramatikal, lumangsungna ieu interférensi téh lamun dwibasawan ngaidéntifikasikeun morfém atawa kelas morfém atawa hubungan gramatika dina sistem basa anu kahiji sarta digunakeun dina caritaan anu mangrupa basa ka dua.
- 3) Interférensi dina widang lékikon, bisa mangrupa kecap asal jeung kecap rékaan.

Masalah ngeunaan basa bisa keuna kana basa naon waé anu aya di dunya ieu, kaasup basa Sunda. Dina basa Sunda, panyatur mindeng ngalaman kajadian anu kaasup interférensi, boh interférensi dina widang fonologi, morfologi, léksis, boh dina widang atawa tataran kalimah. Kayaning lamun panyatur basa Sunda téh

kapangaruan ku dialék Majaléngka atawa Kuningan, aya sababaraha kecap dina ngucapkeunana téh nimbulkeun gejala interférensi, contona /mBandung/, /mbeus/, /kamer/, jste. Méngparna sistem basa dina gejala interférensi dina diri panyatur téh ku sabab ayana kontak basa anu keur diomongkeunana jeung basa atawa ragam atawa variasi séjénna anu dicangking ku éta panyatur.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan interférensi bisa dihartikeun minangka digunakeunana unsur-unsur basa Indonésia atawa basa asing kana basa Sunda. Kajadian interférensi ieu (fonologi, morfologi, léksis, sintaksis) bisa ogé muncul dina digunakeunana basa Sunda ku guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Kac. Kutawaringin Kab. Bandung salila lumangsungna prosés diajar ngajar.

2.6 Alih Kode

Kajadian séjén tina pangaruh faktor kadwibasaan nya éta munculna kabiasaan panyatur basa (dwibasawan) pikeun ngayakeun alih kode, nya éta bagantina hiji kode ka kode séjén. Jadi, lamun hiji panyatur mimitina mah ngagunakeun kode-A (kayaning basa Sunda), terus diganti jadi ngagunakeun kode-B (kayaning basa Indonésia), ku kituna kajadian bagantina kode atawa basa anu digunakeun saperti kitu téh disebutna alih kode. Tapi, ku sabab dina hiji kode aya rupa-rupa kamungkinan varian, kajadian alih kode ogé bisa dina wujud alih varian, alih ragam, alih gaya, atawa alih régister.

Alih kode mangrupa salah sahiji aspék ngeunaan silih gumantungna basa dina masarakat multilingual. Hartina, dina masarakat multilingual teu mungkin

lamun hiji panyatur ngan ngagunakeun hiji basa sacara mutlak murni wungkul pasti saeutikna ogé bari ngamangpaatkeun basa atawa unsur basa anu séjén. Dina alih kode digunakeunana alih basa (atawa leuwih) téh dicirian ku: (a) masing-masing basa masih ngarojong kana fungsi-fungsina saluyu jeung kontéksna, (b) fungsi masing-masing basa disaluyukeun jeung situasina dumasar kana parobahan kontéks.

Saluyu jeung wangenan alih kode, gejala alih kode téh bisa lumangsung antara basa, antara varian (boh rasional boh sosial), antara register, antara ragam, atawa antara gaya.

2.6.1 Anu Nyababkeun Alih Kode

Alih kode mangrupa kajadian kabasaan anu disababkeun ku faktor-faktor anu sipatna sosio-situasional. Sababaraha faktor anu biasana mangrupa panyabab alih kode nya éta sakumaha anu ditulis di handap ieu.

1) Panyatur

Panyatur kalayan sadar kadang-kadang ngayakeun alih kode ka jalma anu diajak nyarita/paregep kalayan hiji maksud.

2) Lawan tutur (paregep)

Umumna tiap panyatur ngimbangan basa anu digunakeun ku nu diajak nyarita/paregepna. Hal saperti éta di masarakat multilingual ngabogaan harti yén panyatur kudu baganti kode saloba omongan ti paregep anu disanghareupanana. Dina hal ieu, paregep (lawan tutur) téh bisa dibédakeun jadi dua golongan, nya éta; (a) lawan tutur anu kasang tukang kabasaanana sarua jeung panyatur, sarta (b) lawan tutur anu kasang tukang kabasaanana

béda jeung panyatur. Nyanghareupan lawan tutur golongan (a) alih kode anu bisa lumangsung nya éta dina wujud alih varian, alih ragam, alih gaya, atawa alih régister. Lamun nyanghareupan lawan tutur (b) alih kodena nya éta tina basa daerah anu séjénna, tina basa daerah kana basa nasional atawa basa asing.

3) Munculna panyatur katilu

Dua jalma anu suku sélérna sarua, umumna anu ngayakeun hubungan téh ngagunakeun basa suku sélérna atawa basa daerahna. Tapi lamun saterusna muncul jalma katilu dina prosés omongan anu lumangsung, sarta éta jalma téh béda kasang tukang kabasaanana, biasana dua jalma anu pangheulana tadi téh baganti kode kana basa anu dicangkem ku tiluanana. Hal éta dilakukeun pikeun nganétralisasikeun situasi sarta sakaligus pikeun ngajénan munculna jalma katilu éta.

4) Puseur omongan (topik/téma)

Puseur omongan mangrupa faktor gedé anu mangaruh dina lumangsungna alih kode. Puseur omongan téh bisa dibédakeun jadi dua golongan, nya éta (a) puseur omongan anu sipatna formal, jeung (b) puseur omongan anu sipatna informal. Puseur omongan golongan (a) biasana diébréhkeun ku cara ngagunakeun basa baku kalayan gaya anu nétral sarta ditepikeun ku cara anu daria. Sedengkeun puseur omongan golongan (b) ditepikeun kalayan ngagunakeun basa anu henteu baku, kalayan basa anu saeutik émosional sarta aya kesan sangeunahna.

5) Banyol/heureuy

Alih kode mindeng dimangpaatkeun ku guru, pamingpin rapat, atawa tukang bodor kalayan tujuan pikeun ngahudangkeun rasa heureuy sarta nyingkahkeun rasa bosen. Alih kode anu muncul bisa dina wujud alih varian , alih ragam, atawa alih caritaan.

6) Géngsi

Sabagian panyatur aya anu baganti kode téh ukur pikeun géngsi. Hal éta lumangsung lamun faktor situasi, paregep, tempat, jeung faktor-faktor sosio-siuasional anu séjénna teu méré lolongkrang atawa henteu ngakudukeun pikeun bagantina kode panyatur dina omonganana. Atawa, boh fungsi kontéksual boh situasi rélevansina henteu ngarojong ayana alih kode. Ku kituna, alih kode samodél kitu téh teu dirojong ku faktor-faktor anu sakuduna ngarojong, jadi hal ieu téh numuwuhkeun kesan dipaksakeun sarta teu wajar jeung teu komunikatif dina omongan panyatur.

2.7 Campur Kode

Aspek séjén anu silih gumantung dina basa patali jeung masarakat multilingual nya éta munculna gejala campur kode. Lamun dina alih kode fungsi kontéks tina rélevansi situasi mangrupa ciri-ciri gumantungna basa dina masarakat multilingual dicirian ku ayana hubungan timbal balik antara peranan jeung fungsi kabasaan. Peranan di dieu maksudna nya éta saha anu ngagunakeun éta basa; sedengkeun fungsi kabasaan nya éta naon anu rék dihontal ku panyatur ngaliwatan omonganana.

Ciri-ciri séjén tina gejala campur kode nya éta yén unsur-unsur basa atawa variasi-variasina anu nyelap dina basa séjén téh henteu deui ngabogaan fungsina sorangan. Éta unsur téh geus ngahiji jeung basa anu diselapanana sarta sacara gembleng geus ngarojong hiji fungsi dina basa anu diselapanana. Dina kaayaan anu gembleng campur kode téh mangrupa konvergensi kabasaan anu asal unsur-unsurna tina sababaraha basa anu masing-masing geus ningalikeun fungsina, sarta ngarojong fungsi basa anyar anu diselapanana.

2.7.1 Kasang Tukang Munculna Campur Kode

Kasang tukang munculna campur kode téh bisa dikelompokkeun jadi dua rupa, nya éta; (a) anu kasang tukangna nyoko kana sikep, jeung (b) anu kasang tukangna kabasaan. Dua hal éta téh biasana silih gumantung sarta patumpang tindih. Kalayan dasar kasang tukang sikep jeung kabasaan anu silih gumantung sarta patumpang tindih éta bisa dicindekkeun yén sababaraha alesan atawa anu jadi sabab nimbulkeunana gejala campur kode téh nya éta; (a) idéntifikasi peranan, (b) idéntifikasi ragam, sarta (c) pikeun ngajelaskeun jeung nafsirkeun.

2.8 Pilihan Kecap

Unggal panyatur basa ngabogaan kabébasan dina milih kecap-kecap anu rék digunakeunana dina nyarita atawa dina nulis. Pilihan kecap téh gedé pangaruhna dina ngagunakeun basa, sabab kecap-kecap anu dipilih sarta diatur ku panyaturna téh bakal ngabogaan konsép, kesan, sarta ma'nana sorangan. Bisa disebut ogé yén kecap-kecap anu dipilih sarta diatur ku panyaturna éta bakal

kaébréhkeun naon maksud anu rék ditepikeunana. Dina milih kecap, henteu ngan saukur ngamasalahkeun naha kecap anu dipilihna éta téh bisa ditarima atawa henteu sarta ngarusak suasana anu aya. Hiji kecap anu saluyu pikeun ngébréhkeun hiji maksud anu tangtu, can tangtu bisa ditarima ku paregep atawa jalma anu diajak nyarita. Masarakat anu dibeungkeut ku rupa-rupa norma atawa aturan miharep ogé sangkan unggal kecap anu digunakeun kudu luyu jeung norma-norma masarakat nu saluyu jeung situasi anu disanghareupan.

Sangkan naon anu ditepikeun ku panyatur bisa ditarima ku lawan tuturna atawa paregepna saluyu jeung naon anu dimaksudna, ku kituna panyatur sakuduna perlu mikirkeun sarta milih kecap-kecap nu rék digunakeunana ka lawan tuturna, nya éta ngeunaan kasang tukangna (atikan, profési, jste) lawan tuturna sangkan komunikasi bisa lumangsung kalayan lancar.

2.9 Tujuan Atikan Nasional

Unggal atikan di Indonésia mibanda tujuan séwang-séwangan anu diluyukeun jeung tahapan lembagana. Tujuan atikan di tiap lembaga téh museur kana tujuan atikan nasional. Tujuan atikan nasional dirumuskeun dina GBHN saperti nu kaunggel ieu di handap.

“Pendidikan nasional berdasarkan Pancasila, bertujuan untuk meningkatkan kualitas manusia Indonésia, yaitu manusia yang beriman, bertaqwah terhadap Tuhan YME, berbudi pekerti luhur, berkepribadian, berdisiplin, bekerja keras, tangguh, bertanggung jawab, mandiri, cerdas, dan terampil, serta sehat jasmani dan rohani, menumbuhkan dan memperdalam rasa cinta kesetiakawanan

sosial. Sejalan dengan itu dikembangkan iklim belajar dan mengajar yang dapat menumbuhkan rasa percaya diri, sikap dan perilaku yang inovatif dan kreatif. Dengan demikian, pendidikan nasional akan mampu mewujudkan manusia-manusia pembangun yang dapat membangun dirinya serta bersama-sama bertanggung jawab atas pembangunan bangsa (GBHN, TAP MPR No. 11/ 1988).

2.10 Basa Sunda dina Pangajaran

Basa Sunda mangrupa basa Indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh nu disaluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daerah kadua panggedéna di Indonésia sabada basa Jawa (Sudaryat, 2004: 11).

Kiware basa Sunda téh boga kalungguhan jadi basa daerah nu masih dipiara tur diparaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, penjelasan pasal 36 téa.

Dina kalungguhanana jadi basa daerah, nurutkeun kacindekan Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga sababaraha fungsi, di antarana:

- 1) lambang kareueus daerah,
- 2) lambang jatidiri daerah,
- 3) pakakas atawa alat gaul di kulawarga jeung masarakat daerah,
- 4) pangdeudeul basa nasional,
- 5) basa panganteur di SD kelas-kelas handap di Jawa Barat, jeung

- 6) pakakas pikeun mekarkeun jeung ngadeudeul budaya Sunda.

Basa Daerah di Indonésia bisa diajarkeun di sakola kalayan sarat (a) ayana guru, (b) ayana kurikulum, (c) ayana pangrojong séjénna. Katilu sarat éta umumna geus nyampak di sakola-sakola SD jeung SMP anu geus lila ngajarkeun basa Sunda, sarta kiwari ogé di SMA geus diajarkeun basa Sunda ngaliwatan dunya atikan.

Tapi, sagédéngéun éta sakabéh pihak sadar yén basa Sunda kiwari geus kadeséh sarta geus ngurangan perananana lamun dibandingkeun jeung basa Indonésia. Ku kituna, fungsi pangajaran basa Sunda di antarana pikeun jadi sarana dina:

- 1) ngabina makéna basa Sunda,
- 2) ngadadasaran jeung ngadeudeul pangajaran basa Indonésia,
- 3) nyebardeun basa Sunda,
- 4) mekarkeun sastra katut budaya Sunda, jeung
- 5) ngabina jeung ngabukeun ragam basa Sunda.

Pangajaran basa Sunda miboga sababaraha tujuan nya éta sangkan siswa:

- 1) meunangkeun pangalaman kabasaan,
- 2) ngajénan jeung ngarasa reueus kana basa Sunda salaku basa daerah di Jawa Barat, nu mangrupa basa Indung pikeun sabagian gedé masarakatna.
- 3) paham kana basa (wangun, harti jeung fungsi), sarta
- 4) mampuh maké basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuan inteléktual, émosional, jeung sosial.

